

---

**FLORE ZÉPHIR NAN ENTÈVYOU AK MICHEL DEGRAFF ANSANM AK  
JACQUES PIERRE**

*Michel DeGraff*

*Massachusetts Institute of Technology*

---

Entèvyou sa a, nan ayewopò Gainesville nan Florida, se tankou yon konvèzasyon ant 3 lengwis ayisyen: Pwof. Flore Zéphir (11 janvyè 1958–15 desanm 2017), Pwof. Jacques Pierre ak mwen (Pwof. Michel DeGraff). Se Jacques ki te prepare kèk kesyon pou m te poze Flore an pèsonn, nan kad yon koleksyon entèvyou Jacques t ap planifye ak yon seri lengwis ayisyen. Epi pandan m ap poze Flore kesyon Jacques yo, repons Flore yo vin fè m poze l lòt kesyon ki pa t nan kesyonè Jacques la.

Afòs Flore avè m te antre nan yon brase ki te pwofonde, nou te vin rate vòl avyon nou. Lè n reyalize nou te pèdi vòl la, Flore avè m te panse yo pa t janm rele nou pou n monte avyon an. Se sèlman ann oktòb 2018, antan mwen t ap prepare dokiman sa a, pandan mwen ak pitit mwen (Nuriel) t ap tande anrejistremant entèvyou a, se lè sa a nou tande yo te rele non m ak non Flore byen fò an plizyè fwa nan ayewopò a. Men, nou te tèlman pwofonde nan konvèzasyon an ke n pa t tande apèl la!

Pami pwen prensipal ke n te diskite nan konvèzasyon sa a, gen yon seri kesyon ki te entere Flore pandan tout lavi pwofesyonèl li kòm lengwis: kesyon sou wòl lang ak idantite nan devlopman ak byennèt nasyon nou—ni nan nivo kolektif popilasyon an, ni nan lavi chak grenn konpatriyòt nou yo, kit y ap viv nan peyi a, kit y ap viv lòt bò dlo. Flore t ap mennen menm konba ak gran kolèg mwen Pwof. Yves Dejean (Papa Iv) ki mouri an mas 2018, 3 mwa apre lanmò Flore. Papa Iv ak Flore te envesti anpil enèji nan goumen kont sistèm “lekòl tèt an ba” sa a ki se youn nan rezon prensipal ki fè peyi d Ayiti tèt an ba. Menm jan ak Yves Dejean, menm jan ak Jacques Pierre, menm jan ak mwen tou, e menm jan ak yon bann lòt konpatriyòt k ap reflechi san rete sou gwo pwoblèm sa a, Flore te rete kwè se lang kreyòl la ki pou sèvi kòm fondasyon pou lekòl tèt an wo ann Ayiti. Men, pifò nan rechèch syantifik Flore te konsène kominote ayisyen oz Etazini—espesyalman wòl lang kreyòl la nan kesyon idantite (oswa «ayisyenite») kominote sa yo. Travay Flore sou tematik sa a gen yon enpòtans total kapital nan rechèch sosyo lengwistik. Mwen pèsoneyman

toujou rekòmande bibliyasyon Flore yo bay kolèg k ap fè rechèch sou dyaspora ayisyen, sou idantite yo, sou jan yo vin entegre ak divès kominote nan nouvo zòn kote yo vin emigre. Nan fè rechèch sou wòl lang kreyòl la nan kominote ayisyen sa yo k ap viv lòt bò dlo, Flore te ede n konprann enpòtans fondal natal lang kreyòl la pou lakay, ann Ayiti tou.<sup>1</sup>

Flore se te yon optimis. Li te lontan pi optimis pase m. Sa se youn nan plizyè rezon ki te fè m toujou kontan pase moman ak Flore depi lè m te premye fè konesans li nan yon konferans lengwistik nan vil Chicago lè m te etidyan. E mwen te konn rele l souvan nan telefòn pou m pran nouvèl li, pou youn ankouraje lòt, pou n brase lide lè n te jwenn obstak sou wout travay nou. Pa egzanp: obstak nan chache mwayen pou kreyòl la sèvi kòm zouti pou n pataje bèl kalte konesans san baryè tou patou nan peyi nou. Flore te toujou ap repete yon pawòl ke m te kwè ladan tou: Pou lekòl yo rive mete tèt yo an wo tout bon vre, fòk yo sèvi ak lang nasyonal la kòm sa dwa. Ki vle di: fòk lekòl rive fèt nan sèl lang sa a ki rele tout Ayisyen chè mèt chè mètrès. Kòm lengwis ki te fè karyè l nan anseye lang franse pami anglofòn nan inivèsite oz Etazini, Flore te rete kwè fòk lekòl ann Ayiti fèt an kreyòl antan timoun yo ap aprann lòt lang. Se lè sa a tout Ayisyen ap finalman gen chans pou yo vin maton e kreyatif nan tou sa y ap aprann e pou yo rive aprann lòt lang tou, tankou franse, angle, e latriye, san fòs kote, san konplèks. Se kon sa Flore te wè lang kreyòl la kòm yon zouti ki endispansab pou Ayiti jwenn opòtinite pou l tounen yon peyi kote pi plis timoun ava gen chans pou yo rive pale plizyè lang. Flore se te yon optimis tout bon vre.

Flore se te yon fanm vanyan tou. Epi se te yon save ki pa te janm pran tèt li twò o serye. Li te toujou gen yon blag an ba bouch li menm lè li te nan konba kont enjistis, menm nan moman sa yo lè li avè m pa te ka vin dakò sou de ou twa tematik nan rechèch nou kòm lengwis. Reflèks blagèz sa a, ke m te renmen anpil kay Flore, se sa nou pral wè nan entèvyou sa a tou—entèvyou sa a ki se youn nan rezon ki te fè Flore avè m rate vòl nou, a siz è di maten, nan yon ayewopò ki te prèske vid ! Fanm vanyan sa a se te yon save angaje vre.

Epi se te yon manman ki te damou pitit fi li, Bambi. Pa t gen yon lè m te pale ak Flore pou l pa t pale m de Bambi ak fyansè l (Terrence Floyd). Se pa ti fyè li te fyè de yo. Ata foto bag fiansay yo Flore te voye nan bwat imel mwen ! Se kon sa tou, Flore te konn anpil detay entim nan lavi m ak lavi fanmi m. Nou te pataje tristès, lanmou, lespwa, kè kontan, e latriye.

Flore, Zanmi m : Ou travèse tounen nan Ginen. Men, rezilta rechèch ou, konvèzasyon nou ak zanmitay nou ap toujou kontinye pale nan tèt mwen, nan nanm mwen. Mèsi cheri pou bèlte lanmou w.

Se Pwòf Paul Belony ki fè transkripsyon entèvyou a. Kòm entèvyou sa a se te yon konvèzasyon nan ayewopò kote te gen plizyè distraksyon, repetisyon, e latriye, Paul Belony, Jacques Pierre ak mwen pase men nan transkripsyon an pou n eseye fè tèks la koule klè kou dlo kokoye. Epi kolèg nou Pwòf Hugues Saint-Fort te gade tèks la tou. Men, se mwen ki responsab si gen erè nan tèks la.

*Michel DeGraff, 19 desanm 2018*

\* \* \*

*18 mas 2011, nan ayewopò Gainesville, Florida*

**Michel DeGraff (MD)** : Bonjou Flore. An n kòmanse entèvyou a.

**Flore Zéphir (FZ)** : Bonjou Michel. Ou pral ekri ?

**MD** : Non, non, m ap jis anrejistre w. Premye kesyon an se : Ki sa yon lang ye ?

**FZ** : Pou mwen, yon lang se yon mwayen moun itilize pou yo kominike youn ak lòt.

**MD** : Ki sa « bileng » vle di ?

**FZ** : « Bileng » vle di yon moun ki ka esprime li, ki ka kominike nan 2 lang.

**MD** : Èske nou menm Ayisyen ki al lekòl, èske nou bileng ?

**FZ** : Bon, repons lan se wi e non. Sa depann de konpetans ke w genyen nan 2 lang yo. Paske gen dè moun k al lekòl, epi lè yo fini lekòl, apre yo rive pase bakaloreya, yo vrèman bileng : yo ka di tout sa yo vle an kreyòl e anplis yo ka di tout sa yo vle an franse. Donk, pou mwen, pou yon moun ki pase lekòl rive bileng, sa depann de kalte lekòl li pase a, e sa depann de kantite bagay nan lekòl la li te ka fè e an franse e an kreyòl. Donk, m pa pral di se tout moun ki pase lekòl ki bileng.

**MD** : Èske Ayiti se yon peyi ki bileng ?

**FZ** : Non, Ayiti se pa yon peyi ki bileng paske se pa tout moun ann Ayiti ki ka pale tou lè 2 lang yo. Donk, anfen, ou ka vle pou Ayiti bileng paske w tandè tou 2 lang yo nan peyi a. Men, ou pa ka di se tout popilasyon an ki bileng. Donk, sa depann de si w ap defini bileng o nivo de peyi a oubyen o nivo de popilasyon an. Èske w ka separe popilasyon an de peyi a ?

**MD :** Egzak. Men, se ki pousantaj ou ka di ki bileng ?

**FZ :** La ankò, sa depann de ki definisyon ou bay pou « bileng ». Paske dapre sèten definisyon, pa egzanp, sa yo rele « definisyon maksimalis » la, ou ka di se 10%. Si kounye a ou yon ti jan pi endiljan, ou gen yon « definisyon minimalis », w ap di gen apeprè 30% ki bileng.<sup>2</sup> La ankò, sa depann de ki nivo tolerans ke w genyen lè moun lan ap fè fot oswa lè w pa konprann sa moun lan ap di.

**MD :** Nan ki lang, nou menm Ayisyen, nou dwe aprann ?

**FZ :** Pou mwen menm, nou menm Ayisyen nou dwe kòmanse aprann an kreyòl. Paske tout timoun ayisyen yo pale kreyòl. Donk, pou mwen li ta enpòtan ke lè n antre lekòl, n aprann li, n aprann ekri, n aprann konsèp de baz nan aritmetik an kreyòl. Epi, apre sa, nou ka kontinye an franse si n vle.

**MD :** Pou ki sa ?

**FZ :** Paske pou mwen menm, li pi fasil si tout moun ki antre lekòl, lang yo chwazi a se kreyòl paske nou konnen ke p ap gen difikilte, paske tout moun ap konprann. Donk si w ap eseye fè yon bagay o nivo nasyonal, kote se tout popilasyon an ou ta renmen ki ta ka benefisye, se an kreyòl pou w fè l paske lang kreyòl la p ap defavorize pèsonn. Moun ki bileng yo pale kreyòl tou ; donk, yo pa ka di ke yo p ap konprann si lekòl fèt an kreyòl. Epi moun ki monoleng yo, se kreyòl sèlman yo pale, enben, y ap konprann tout sa yo di yo an kreyòl. Donk, tout moun ap konprann tout bagay.

**MD :** Èske nou dwe aprann franse, oswa nou dwe aprann *an* franse ?

**FZ :** Pou mwen menm, mwen ka di ke li ta bon tou pou n aprann franse. Paske franse se yon lang etranje pou pifò Ayisyen. Nou ka pale franse ak moun lòt kote tankou o Kanada, tankou an Frans, tankou vwazen nou an Matinik ; e se yon lang yo pale anpil lòt kote. Pou mwen menm kòm lengwis k ap anseye lang franse oz Etazini, li toujou bon pou yon moun ka pale yon lòt lang. Anfen, deja gen yon bon kou moun ki pale franse ann Ayiti. Aprann pale franse se yon bagay ki itil. E m pa kwè gen okenn moun serye k ap di ou pa dwe aprann yon lang etranje ann Ayiti, kòm ki dirè se sèl lang kreyòl la pou w pale oubyen pou w konnen. Sa a, m pa kwè l.

Kounye a, lòt pati kesyon an se : Èske yon moun dwe aprann an franse ? Pou mwen menm, li pa t ap yon move bagay tou si, *rive yon sèten moman nan nivo edikasyon an*, ou te ka aprann an franse tou. Paske si w ka aprann an franse, sa ap ede w pale franse pi byen. Se menm jan an, si kounye a m

ta vle aprann, pa egzanp, espanyòl, e ta gen posiblite pou m ta pran yon klas ann espanyòl, m konnen ke nivo konpetans mwen ann espanyòl t ap monte paske, non sèlman m ap aprann lang lan, epi tou m ap aprann li materyèl, ekri materyèl nan lang lan.

**MD :** Pou ki sa anpil nan nou kwè moun ki pale franse se moun ki save ?

**FZ :** Pou ki sa moun sa yo ki pale franse, nou kwè yo se moun ki save ? Pou plizyè rezon. Premyeman : Moun ki pale franse ann Ayiti, ase souvan, se moun ki gen yon nivo sosyo ekonomik ki yon ti jan pi wo. Dezyèmman : Anpil nan moun sa yo ki pale franse, pa egzanp, se moun ki an Frans, moun o Kanada, e peyi sa yo, lè w konpare yo ak Ayiti, yo pi devlope. Donk, si yon moun pale yon lang ki pale nan yon peyi ki pi devlope, donk, ou gen tandans asosye menm karakteristik peyi devlope sa yo ak moun k ap viv nan peyi sa yo. Donk, pou mwen menm, se pou sa yo gen tandans kwè sa. Paske moun ki pale franse se moun ki nan yon klas ki gen pi wo nivo ekonomik. Peyi kote yo pale franse (pa egzanp, Lafrans, Kanada), peyi sa yo pi pèfòman o nivo endistriyèl e ekonomik ke nou menm. Donk, nou bay lang lan menm karakteristik ke nou bay moun yo.

**MD :** Èske aprann tout bagay an kreyòl ka anpeche nou aprann franse ?

**FZ :** Non. Pa gen sa pyès. Ou ka aprann tout bagay an kreyòl. Apre sa, si w gen posiblite aprann franse kòm lang, w ap ka aprann kèk matyè eskolè an franse. Tankou mwen menm, m aprann kèk bagay an franse, apre sa m aprann lòt bagay ann angle. Se pa paske m te aprann sèten bagay an franse ke sa te anpeche m, pi ta, vin aprann angle. Kounye a, si m vle al aprann espanyòl, se pa paske m pale kreyòl, franse ak angle ke m p ap gen espas nan sèvèl mwen ankò pou m ka aprann espanyòl oubyen nenpòt ki lòt bagay.

**MD :** Pou ki sa moun ki pale kreyòl ak franse ann Ayiti gen tandans itilize kreyòl sèlman lè y ap joure ?

**FZ :** Pou plizyè rezon. Lè w ap joure, ou yon jan enève, ou yon jan an kòlè. Donk, pafwa ou itilize yon lang kote ou konn egzakteman tout vokabilè ki posib e imajinab pou w joure. E m kwè pifò Ayisyen pa konn joure an franse. Rezon an se paske nou pa konn mo pou n joure an franse. Mwen menm, si mwen ta vle joure yon moun an franse, si mwen ta vle di yon moun ‘gèt manman w’ an franse (eskize m wi !), m pa kwè ke m ap ka jwenn mo franse ki ka sèvi pou sa. Paske se pa yon bagay mwen janm di an franse. Donk, sa vle di m pa gen modèl devan m pou m di l. Fòk mwen ta ale an Frans pou m al chita avèk Fransè yo pou m wè lè y ap joure

pami yo, pou m wè ki sa yo di pami yo. Lè sa a m ava repete apre yo. Men, otreman, m pa konn ase mo franse pou m joure moun an franse.

**MD :** Èske, si n aprann an franse, sa p ap pi bon pou nou pou lè n ale an Frans al etidye ?

**FZ :** M pa konnen egzakteman, paske mwen menm, m pa t janm al etidye an Frans. M p ap ka di w ke etidye an franse te pi bon pou mwen, paske m pa t janm ale an Frans. An tou ka, pale franse se yon bon bagay li ye pou mwen paske, lè m rankontre lòt moun ki pale franse, sèten Afriken pa egzanp, epi m pa gen lòt lang ke m pataje avèk yo, m ka pale an franse avèk yo. Se yon bon bagay. Men, se pa t pou m al etidye an Frans ; m pa t janm al etidye an Frans.

**MD :** Ki peyi ki pale menm kalite kreyòl ak nou ?

**FZ :** M pa fin konnen egzakteman ki sa pawòl « menm kalite kreyòl ak nou » an vle di. Men, si kesyon an ta vle di kreyòl ki gen menm mo vokabilè ki sòti nan franse menm jan avèk kreyòl pa nou an, m ta ka di, pa egzanp, gen Matinik, gen Gwadeloup, gen Lwizyàn. Moun nan zòn sa yo gen yon kreyòl ki gen anpil mo vokabilè franse menm jan ak kreyòl pa nou an. Bon, se 3 zòn sa yo ki vin nan tèt mwen.

**MD :** Èske timoun nan zòn sa yo aprann an kreyòl ?

**FZ :** An Gwadeloup avèk an Matinik, mwen konnen te gen dè mouvman pou yo te entwodui kreyòl nan lekòl primè an patikilye. E te gen Dany Bébel-Gisler ki te fè pwomosyon koz kreyòl la. Donk, se sa m konnen. Pou kounye a, pandan m ap pale avèk ou an, èske sa rive ? M pa konnen. M pa gen ase enfòmasyon ; m pa t al obsève pèsònèlman.<sup>3</sup>

**MD :** Èske nou gen ase moun ki pale franse nan peyi a pou n anseye franse ?

**FZ :** Sa depann ankò de ki nivo konpetans franse ou ta renmen anseyan yo genyen. Men, nan lide pa mwen, mwen kwè gen ase moun, pa egzanp anseyan ki pase Lekòl Nòminal Siperyè, m konnen gen dè klas yo te pran an franse. Donk, gwoup anseyan sa yo, si yo ta vle anseye franse, m ta sijere ke yo ba yo yon antrènman—sa yo ta rele « franse kominikatif »—pou yo pale pi alèz. Donk, m panse si yo ta ka antrene moun ki deja gen sèten baz an franse, n ap rive gen ase anseyan pou n anseye franse ann Ayiti.

**MD :** Si yon moun pale kreyòl, èske sa vle di li ka anseye kreyòl ?

**FZ :** Non. Se pa paske yon moun pale kreyòl ke moun lan ka anseye kreyòl. «Pale kreyòl» pa vle di «kapab anseye kreyòl». Se menm jan «pale angle» pa vle di «kapab anseye angle». Paske gen yon pil bagay sou lang lan ke w dwe konnen anvan w ka anseye lang lan. Paske anseye kreyòl sa vle di ke w ap anseye gramè kreyòl, w ap anseye mòfoloji kreyòl. Donk, fòk ou konn tout bagay teknik sa yo sou lang lan pou w ka anseye l.

**MD :** Si yon moun pale kreyòl, èske sa vle di li ka anseye *an* kreyòl ?

**FZ :** Repons lan se wi. Si se yon moun ki gen yon antrènman kòm pwofesè, se montre l ap montre yon moun yon konsèp, si moun lan pale kreyòl, li ka esplike konsèp la an kreyòl, nenpòt ki konsèp, menm si se yon bagay ase senp oswa ase konplike. Pa egzanp, kouman yo lase soulye ? Ou ka esplike yon moun an kreyòl ki sa pou l fè pou l lase yon soulye. Si yon moun pale kreyòl, sa vle di li ka anseye an kreyòl. Paske anseye sa vle di montre yon moun yon bagay ke l pa konnen. Donk, si m ap montre yon moun yon bagay li pa konnen, se esplike pou m esplike l bagay la. E, si m ap esplike l bagay la, m ap esplike l nan yon lang ke m ka pale, ke m ka esprime m ladan. Wi, repons lan se wi.

**MD :** Èske gen diksyonè nan lang pa nou an ?

**FZ :** Wi. Gen diksyonè nan lang kreyòl nou an.

**MD :** Èske gen gramè kreyòl ?

**FZ :** An patan, fòk nou di gen gramè kreyòl paske moun pa ka di nenpòt ki sa an kreyòl. Ou pa mete mo kreyòl yo nenpòt ki jan w vle pou w fòme fraz an kreyòl. Ki vle di : Moun ki pale kreyòl deja konnen «gramè kreyòl» la. Ki vle di : yo deja gen règ lang kreyòl la nan tèt yo.

**MD :** Èske gen liv ki esplike gramè kreyòl la e ki ekri an kreyòl ?

**FZ :** Wi. M kwè si yon moun bezwen liv pou gramè lang kreyòl la w ap jwenn li. Wi, si yon moun ta bezwen yon esplikasyon alekri an kreyòl sou gramè kreyòl la, wi, m kwè w ap jwenn li.<sup>4</sup>

**MD :** An n pale sou sa konstitisyon nou an di sou lang ofisyèl peyi d Ayiti.

**FZ :** Selon Konstitisyon 1987 la, kreyòl ak franse se 2 lang ofisyèl peyi a. Epi, Konstitisyon 1987 la di kon sa «Kreyòl se sèl lang ki simante pèp Ayisyen an . . . ».

**MD :** Si kreyòl ak franse se lang ofisyèl peyi a, èske sa ta vle di nou gen chwa aprann nan lang nou vle pami 2 lang sa yo ?

**FZ :** Wi. Paske lè yon peyi vrèman bileng nan sans sa a, sa vle di ke yon moun, lè w al lekòl, ou ta dwe ka chwazi pami 2 lang yo. E pou mwen menm, si yo ta vle ranfòse opòtinite pou bilengwis ann Ayiti, gen yon sètèn nivo ke w ta dwe rive nan sistèm lekòl la, lè w ta ka di : « Monchè, m vle pran kou matematik mwen an, m konnen y ap bay yon kou matematik an kreyòl, se li m pral pran. Epi, pou kou syans imèn lan, m gen enpresyon m te ka pran l an franse. Epi, kou fizik la, m gen difikilte nan matyè sa a ; pito m al pran l an kreyòl paske m ap lontan pi alèz pou m poze kesyon. » M kwè yon lekòl serye ann Ayiti, patikilyèman o nivo segondè, fòk ou ta bay etidyan yo tou 2 chwa sa yo.

**MD :** Pou ki rezon pifò prezidan nou yo te prefere fè diskou ofisyèl nan lang franse ?

**FZ :** Pou plizyè rezon : Lè yon moun prezidan, tèt ou vire. Ou mete tèt ou nan pi wo nivo pase tout popilasyon an. Donk, si w kwè ou nan pi wo nivo pase tout moun, w ap panse fòk ou pale nan yon lang ke w panse ki siperyè. Donk, prezidan sa yo di : « Bon, m pa nenpòt ki moun, e kounye a se gwo bagay mwen ye. Donk, bagay ki gen pi plis prestij se sa m dwe fè pou m reflekte fonksyon m okipe kounye a. » Donk, gen yon pakèt prezidan ki pa konsidere tèt yo kòm sèvitè okenn moun. Yo konsidere se lòt moun ki pou vin sèvi yo. Donk, se tout sa ki fè yo prefere fè diskou an franse. Tèt yo vire.

**MD :** Pou ki rezon moun ki pa konprann franse kontan tande moun k ap pale franse ?

**FZ :** Paske lè w pa konprann yon bagay, ou panse se bagay ki sofistike, se bagay ki enpòtan. « O, gade sa non, l ap rakonte yon seri de bagay ke m pa konprann. Ala yon moun entèlijan, hen ! » Se menm jan lè m al tande yon diskou sou nenpòt bagay epi m pa konprann anyen, m pa konprann ni tèt ni pye nan bagay la, mwen ta di : « Ala yon moun savan, hen ! Gade l ap esplikè tout bagay fizik sa yo avèk fòmil ke m pa konprann. Ala yon moun entèlijan ! » M pa konprann ni pye ni tèt, epi m p ap janm di « Ala yon moun bèt, hen ! Li pale yon bagay ke m pa konprann anyen ladan l. » M ap di se mwen menm ki pa konprann anyen. Men, m p ap janm di se moun sa a ki bèt.

**MD :** Pou ki mizik kanaval nou se an kreyòl yo ye ?

**FZ :** Pou mwen menm, kanaval ann Ayiti se yon peryòd defoulman. Peryòd sa a se lè w pwofite lage tout sa ki nan sistèm ou. Se menm jan an, talè a ou te mande m pou ki sa moun joure an kreyòl. Enben, joure a



se yon espès defoulman tou. Ou an kolè, ou fache kont yon moun, w ap defoule w, ou bezwen di tout bagay sa yo jan w konn di yo. E gen anpil bagay an kreyòl nan kanaval ayisyen an, bagay ki sèvi pou defoulman, m pa kwè ke nou ta vle di bagay sa yo an franse. Ata Ayisyen ki di yo pale franse trè trè byen, gen yon nivo koze ke yo pa ka pale an franse. Nou pa konn modèl yo an franse, nou pa janm aprann yo an franse, nou pa janm fè yo an franse. Ou konprann ? Toutotan nou pa ko wè kouman Franse yo oubyen Kebekwa yo ap defoule yo an franse, nou pa konn kouman pou n fè sa an franse. Mwen menm, m pa konnen kouman pou m fè sa an franse.

**MD :** Pou ki sa vwazen nou, Dominiken, aprann nan lang pa yo epi nou menm se le kontrè ?

**FZ :** Sitiyasyon nou menm avèk Dominikani, m pa kwè li idantik. Dominikani gen yon sèl lang, ki se lang espanyòl. Donk, menm si yo ta vle pale nan yon lòt lang, yo pa gen 2 lang, yo pa gen 3 lang lakay yo pou yo ta chwazi nan ki lang pou yo ta aprann. Donk, se trè lojik : kòm se yon sèl lang yo genyen, se ladan l pou yo aprann. Sitiyasyon ann Ayiti a yon jan pi konplike, paske jouk kounye a, nou toujou konnen ke ann Ayiti gen plis ke yon sèl lang, menm si dezyèm lang lan se pa tout moun ki pale l. Donk, nan sans sa a, m pa kwè nou ka di ke Ayiti nan menm sitiyaasyon avèk Dominikani. Paske si w ta di ke Dominikani pa vle aprann an panyòl, ou ka mande ki lòt lang pou yo ta chwazi.<sup>5</sup> Donk, pou mwen, sitiyaasyon Dominikani an pa menm ak egzanp Ayiti a.

**MD :** Pou ki rezon anpil nan ekriven nou yo pa ekri an kreyòl ?

**FZ :** Paske se an franse yo te aprann li ak ekri. Donk pou yo menm ansanm ak yon pakèt lòt moun, li pi fasil pou yo ekri nan yon lang kote yo te aprann li ak ekri. Si te gen plis moun ki te aprann li ak ekri, depi yo piti, an kreyòl, yo ta ka ekri an kreyòl. Se paske moun kon sa ta gen anpil pratik li ak ekri an kreyòl. Nou menm, se paske nou pa t gen ase pratik ladan l, yo pa t montre n sa lekòl.

**MD :** Ki ekriven nou genyen ki ekri ni an kreyòl, ni an franse ?

**FZ :** Félix Morisseau-Leroy, Frankétienne ak Rassoul Labuchin, se 3 non ki vini nan tèt mwen an premye.

**MD :** Èske angle ak panyòl ta nesèsè pou nou aprann ?

**FZ :** Wi. Paske se 2 lang entènasyonal. Paske, pa egzanp, Ameriken pale angle, Etazini se yon peyi endistriyalize epi gen yon pakèt moun atravè monn lan ki pale angle. Pou mwen menm, angle a se yon lang ki itil anpil

e ki ta bon pou n pale. Espanyòl lan tou paske nou gen anpil vwazen (Pòtoriken, Dominiken, Kiben) ki pale panyòl. Se 2 lang ke yo pale anpil atravè monn lan. Donk, pou mwen li ta bon si n te ka pale avèk lòt moun sa yo.

**MD :** Mèsi Flore.

*Transkripsyon ak editing : Paul Belony, Michel DeGraff, ak Jacques Pierre*

## Nòt

- <sup>1</sup> Men yon ti echantiyon piblikasyon rechèch Flore : *Haitian Immigrants in Black America: A Sociological and Sociolinguistic Portrait* (Westport, CT: Bergin & Garvey, 1996); *Trends in Ethnic Identification among Second-Generation Haitian Immigrants in New York City* (London: Bergin & Garvey, 2001); *The Haitian Americans* (Westport, CT: Greenwood Press, 2004). N ap jwenn pi plis detay sou biyografi Flore nan sit sa a : <https://romancelanguages.missouri.edu/people/z%C3%A9phir>.
- <sup>2</sup> Nan « definisyon maksimalis », yon moun ki bileng se yon moun ki pale tou lè 2 lang yo fen e byen kòm si yo te benyen nan 2 lang sa yo depi yo tou piti. Nan « definisyon minimalis » la, yon moun « bileng » depi lè l kòmanse aprann yon dezyèm lang, menm lè se ti bout fraz l ap repete malman nan dezyèm lang sa a. Si n ap adopte definisyon maksimalis la, gen rechèch ki estime pousantaj Ayisyen ki bileng se 3%. Nou ka konsile atik sa a pou pi plis referans ak diskisyon sou estatistik sa yo: Michel DeGraff ak Glenda S. Stump, « Kreyòl, Pedagogy, and Technology for Opening Up Quality Education in Haiti: Changes in Teachers' Metalinguistic Attitudes as First Steps in a Paradigm Shift », *Language* 94, no. 2 (2018): e127–e157, [https://www.linguisticsociety.org/sites/default/files/e3\\_94.2DeGraff.pdf](https://www.linguisticsociety.org/sites/default/files/e3_94.2DeGraff.pdf).
- <sup>3</sup> Videyo sa a montre jefò k ap fèt an Matinik pou kreyòl la sèvi sou ban lekòl: <https://www.facebook.com/michel.degraff/videos/10157066277883872/>.
- <sup>4</sup> Yon egzanp liv gramè kreyòl an kreyòl se liv Jockey Berde Fedexy ki rele *Gramè Deskriptif Kreyòl Ayisyen* (JEBCA Editions, 2015). Liv sa a te piblye katr an apre entèvyou a te fèt.
- <sup>5</sup> La, gen yon kesyon enteresan ke n te dwe mande Flore: Èske varyete panyòl ki nan bouch ti Dominiken k ap viv nan zòn riral an deyò se menm varyete panyòl sa a ke n jwenn nan liv lekòl ki sèvi ak varyete espayòl ki pale ann Espay ?